дили их собой. Обряд похищения невест продолжался очень долго. Пережитки времён когда умыкали невест до сих пор сохранились в свадебных обычаях у каракалпаков и других народов [4].

По мнению М.И.Косвена, умыкание невесты не характерно для матриархальной среды. При переходе общества в патриархальное из-за нежелания родителей нарушать матриархальный порядок девушка вольно или невольно вынуждена была бежать [5]. В любом случае, обычай «*қыз алып қашыў*» имел место из безысходности. Видимо, его истоки связаны с экзогамным и эндогамным браками. В экзогамном браке парни обязаны жениться на девушках из другого рода – («племени»), в эндогамном – на девушках из своего племени – (рода). Естественно, подобные запреты подвергались противодействию.

**Литература**


1. Полевые записи. Республика Каракалпакстан. Кегейлийский район. 2015 г.
2. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. 106-б.
3. Кун Н.А. Легенды и мифы древней Греции. – Ташкент: «Ёш гвардия», 1986. – С. 242-243.
4.Этническая история и традиционная культура народов Средней Азии и Казахстана.(Ред. Н.Палагина). -Нукус: «Каракалпакстан», 1989.
5. Косвен М.И. Очерки первобытной культуры. – М.: АН СССР, 1957. – С. 134-135.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ фольклорида акс этган никоҳнинг қизни олиб қочиб уйланиш тури билан боғлиқ маълумотлар тарихий-этнографик жиҳатдан ўрганилган. Қизни олиб қочиб уйланишнинг тарихий илдизлари, унинг қорақалпоқ фольклоридаги вариантлари, уйланишнинг бошқа турларидан фарқли ўзига хос хусусиятлари фольклор материаллари асосида ёритиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье с историко-этнографических позиций рассматриваются сведения, связанные с “кражей” невесты в каракалпакском фольклоре. На основе фольклорных источников изучены исторические истоки “кражи” невесты, их варианты и особенности взаимного брака и других видов женитьбы.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the facts of marriage by means of stealing the bride in the Karakalpak folklore works (tales, eposes, etc.). The author researches the historical and social backgrounds of stealing the future bride and their variants in Karakalpak folklore, the peculiarities of this type of marriage on the material of folklore.


## Ekonomika

# ЕЛИМИЗДЕ МАКРОЭКОНОМИКАЛЫҚ ТУРАҚЛЫЛЫҚТЫ ТӘМИЙИНЛЕЎ


**П.Хожалепесов** - *экономика илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** иқтисодиёт, стратегия, ислоҳот, модернизация, диверсификация, кичик бизнес, хусусий тадбиркорлик, инвестиция, ўзбек модели, макроэкономика.

**Ключевые слова:** экономика, стратегия, реформа, модернизация, диверсификация, малый бизнес, частное предпринимательство, инвестиция, узбекская модель, макроэкономика.

**Key words:** economics, strategy, reform, modernization, diversification, small business, free private enterprise, investment, Uzbek model, macroeconimics.


Мәмлекетимиздиң экономикалық тараўларында алып барылып атырған структуралық өзгерислерди избе-из әмелге асырыў, мәмлекетимизди модернизациялаў ҳәм макро-экономикалық турақлылықты тәмийинлеў - баслы мақ-сетимиз.

Өзбекстан Республикасының 2016-жылы белгилеп берилген экономикалық бағдарламаның ең тийкарғы бағдар-ларының избе-из әмелге асырылыўы, макроэкономикалық ҳәм структуралық сиясатын даўам еттирилиўи бойынша быйылғы жылдың тоғыз айында елимизде жоқары экономикалық өсиўди ҳәм макроэкономикалық турақлы-лықты тәмийинлеўге мүмкиншилик жаратып бермекте.

2016-жылдың тоғыз айында жалпы ишки өнимниң көлеми өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 107,8, санаат көлеми 107,2, аўыл хожалығы көлеми 106,4, усақлап сатыў саўда айланысы 114,2 процентке өскенин көримиўизге болады.

Өзбекстан өзиниң ғәрезсиз раўажланыў дәўиринде қысқа мүддетли спекульятив кредитлерден ўаз кешип, шет ел инвестицияларын узақ мүддетли ҳәм жеңилликли процент ставкалары бойынша тартыў принциплерине ҳәмме ўақыт әмел қылып келмекте.

Бизиң кейинги жылларда экспорт саласында қолға киргизген жетискенликлеримиз, дәслеп мәмлекетимиз экономи-касының қурамын түптен структуралық өзгертиў ҳәм диверсификациялаў, қысқа мүдетте биз ушын пүткиллей жаңа локомотив ролин атқаратуғын тармақларын пайда етиў, ислеп шығарыўды модернизациялаў, техникалық ҳәм технологиялық жақтан жаңалаў дәстүрлерин әмелге асырыў, заманагөй инфраструктураны қәлиплестириў барысында өз ўақтында басланған, тереӊ ойланған ҳәм узақ келешекке гөзленген ислеримиздиң нәтийжеси болып есапланады.

Елимизде структуралық өзгерислерди избе-из әмелге асырыўда қолайлы инвестиция орталығының жаратылғаны тийкарғы фактор болып келмекте [1].

Елимизде ҳәр жылы макроэкономикалық турақлылықтың сақланыўы нәтийжесинде, экономикалық өсиў пәтлерине сыртқы саўда айланысының унамлы сальдосы, мәмлекетлик бюджеттиң жалпы ишки өнимге салыстырғанда 0,1 процент профицитинен ҳәм инфляция дәрежеси 2,2 процентти қурағанынан көриўимизге болады.

Елимизде жеке мүлк, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти исенимли қорғаўды тәмийинлеў, оларды жедел раўажландырыў ҳәр қыйлы бюрократлық тосқынлықларды сапластырыў илажлары бағдарламасының орынланыўы нәтий-жесинде усы жылдың тоғыз айлығында нызамшылық ҳәм нормативлик-ҳуқуқый базаны шөлкемлестириўдиң өсип атырғанлығын көриўимизге болады.

Буған елимизде товарларды (жумыслар, хызметлер) электрон коммерциялық усылында сатыўды тәртипке салатуғын Электрон коммерцияны әмелге асырыў қағыйдалары тастыйықланғанлығы мысал бола алады. Соның менен бирге, қурылыста исбилерменлик хызметине рухсат бериў тәртибинде жаңа қағыйда ҳәм талаплар белгиленди. Сондай-ақ, қала ҳәм районларда имарат ҳәм объектлердиң сыртқы көринисин өзгертиў, ислери алып барылады.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2016-жылы 5-октябрьдеги «Исбилерменлик жумысының жедел раўажланыўын тәмийинлеўге, жеке мүлкти ҳәр тәрепleme қорғаўға ҳәм исбилерменлик орталығының сапа жағынан жақсылаўға байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы пәрманы киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликке кеңнен еркинлик бериў, олардың жумысына мәмлекетлик уйымлардың араласыўының өз ўақтында алдын алыныўын тәмийинлеў, олардың профилактикасының нәтийжелилигин арттырыў ҳәм ҳуқық бузарлықларға жол қоймаў мәмлекетлик сиясатының әҳмийетли тийкарғы жөнелиси ҳәм мәмлекетлике уйымлардың биринши дәрежели ўазыйпасы етип белгиленгени бул бағдардағы жумыслардың сапа жағынан жаңа басқышқа көтерилгенинен дерек береди [2].

Елимизде исбилерменликти қоллап-қуўатлаў ҳәм жаңа кәрханалар шөлкемлестириў мақсетинде быйылғы жылдың тоғыз айында киши бизнес субъектлерине өткен жылдың тоғыз айлығына салыстырғанда 130 процентке орынланды ҳәм бул 16,6 триллион сумлық кредитлер суммасын қурады. Соннан: 2,7 триллион сумлық микрокредитлер ҳәм 185,7 миллион доллар шет ел инвестициялары болып есапланады.

Елимизде 2016-жылы «E-ijro» ведомстволар аралық электрон бирге ислесиў системасының иске қосылыўы тийкарында «Бир айна» орайы шөлкемлестирилип, онда исбилерменлик субъектлерине мәмлекет тәрепинен 75 мыңнан аслам хызметлер көрсетилди.

Бәринен бурын, жеке мүлкти ҳуқуқый қорғаўды және де күшейтиўге, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик ушын қолайлы шараятлар жаратыўға ҳәм ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаўға, республиканың инвестициялық тартымлығының арттырыўға бағдарланған, әне, усы салада мәмлекетлик сиясаттың сапа жағынан жаңа дәрежеге өтиўинен дерек береди.

Пәрманда исбилерменлик субъектлериниң жумысына тийкарсыз араласыўдан исенимли ҳуқуқый кепилликлерди тәмийинлеўге бағдарланған мәмлекетлик қадағалаўдың принципиаллық жақтан жаңадан бир қатар механимзлери белгиленбекте.

Соның ишинде, 2017-жылдың 1-январынан баслап төмендеги бурын көрилмеген илажлар енгизилди:

Исбилерменлик субъектлериниң жумысын режеден тысқары тексериўлердиң барлық түрлери бийкар етиледи, буған юридикалық тәрептиң сапластырылыўына байланыслы тексериўлер, сондай-ақ, физикалық тәреплердиң нызам ҳүжжетлериниң бузылыўы жағдайлары ҳаққындағы мүрәжәтлери тийкарында тек ғана қадағалаўшы уйымлардың жумысын муўапықластырыўшы Республикалық кеңестиң қарарына тийкарланып өткерилетуғын қысқа мүддетли тексериўлер кирмейди;

Усы мүнәсибет пенен Жынаят кодексине, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекске, салық кодексине ҳәм бир

қанша басқа да нымазларға тийисли өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилди.

Атап өтиў орынлы, бул жеңиллик инвестиция сыпатында киргизилген кәрежетлердиң муғдарына қарамастан, шет ел инвеститцияларының қатнасықтағы барлық кәрханаларға енгизиледи.

Ҳәзирги Арал теңизиниң экологиялық кризисиниң тәсири болып атырған бир ўақытта республикамызда социаллық-экономикалық раўажландырыўда белгиленген ўазыйпаларды шешиўде быйылғы жылдың өткен дәўиринде бир қатар нәтийжелерге ерисилди.

2016-жыл 5-октябрьдеги Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Исбилерменлик жумысының жедел раўажаланыўын тәмийинлеўге, жеке мүлкти ҳәр тәреплеме қорғаўға ҳәм исбилерменлик орталығын сапа жағынан жақсылаўға байланыслы қосымша илажлар ҳаққында» ғы қабыл етилген Пәрманы, бәринен бурын жеке мүлкти ҳуқуқый қорғаўды және де күшейтиўге, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик ушын қолайлы шараятлар жаратыўға ҳәм ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаўға хызмет ететуғынына исенимимиз кәмил [2].

Бунда, төмендеги мағлыўматларға қарайтуғын болсақ, жалпы аймақлық өним 4,534 триллион сум болып ҳәм бул 18 процент артықша өсимге ерисилди. Соның ишинде, жалпы аймақлық өнимдеги киши бизнестиң үлеси 55,9, хызметлер үлеси 50,8 процентти қурады.

Республикамызда өткен 2015-жылдың усы дәўирине салыстырғанда санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми дерлик еки есеге, яғный 191,7 процентти қурады. Халық тутыныў товарларын ислеп шығарыў көлеми 683 миллиард сум болып, бунда 15,4, қурылыс жумысларының көлеми 968 миллиард сум болып, бунда 5,2 процент артықша өсимди қурады.

Республикамыздағы сыртқы ҳәм ишки инвестициялық қаржылар көлемине нәзер таслайтуғын болсақ, бунда барлық дереклер есабынан жәми 2,811 триллион сумлық инвестициялар өзлестирилди. Соның ишинде, усы жылдың өткен тоғыз айында жәми баҳасы 144 миллиард сумлық инвестициялық қаржылар есабынан 1807 жойбар әмелге асырылып ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеўде 8 мыңнан аслам жаңа жумыс орынлары пайда болды.

Сондай-ақ, инвестициялық бағдарлама тийкарында емлеў-профилактикалық мәкемелеринде, мектеп ҳәм колледжлерде 50 миллиард сумға жақын ири оңлаў ҳәм реконструкция жумыслары алып барылды. Соның менен бирге, қала ҳәм район аймақларында 55 суў тәмийнаты объектлеринде 18 миллиард сумлық қурылыс жумыслары орынланып, 111 километрлик ишимлик суўы тәмийнаты объектлери пайдаланыўға тапсырылды. Усының нәтийжесинде, 16 мыңнан аслам халықтың суў менен тәмийинлениўи жақсыланды.

Ең тийкарғысы, мәмлекетимизде белгиленген бағдарлама бойынша Кегейли, Шоманай, Хожели ҳәм Мойнақ районларында быйылғы жылы қосымша 17,5 километрлик суў тармақларында 3 миллиард сумлық қурылыс ҳәм реконструкция жумыслары әмелге асырылмақта. Усы илажлардың орынланыўы нәтийжесинде және 13 мыңнан аслам халықтың ишимлик суўы менен тәмийинлениўи жақсыланды. Буған қосымша, Кегейли районын социаллық-экономикалық раўажландырыў бойынша арнаўлы бағдарлама ислеп шығылмақта.

Республикамыздың экономикалық тараўларынның бири болған қурылыс кәрханаларын иске түсириў ҳәм модернизациялаў жумысларына айрықша кеўил бөлинбекте. Атап айтқанда, қурылыс санаатында Қараөзек районында, улыўма жойбарлық баҳасы 25 миллион АҚШ долларлық еки «Қарақалпақ цемент» ҳәм «Титан цемент» заводларының қурылысы жуўмақланбақта ҳәм булардың ҳәр қайсысының жыллық қуўатлылығы 200 мың тоннаға тең. Бул кәрханалар келеси жылдың биринши ярымына иске түсирилиўи режелестирилмекте. Усы жойбарлар әмелге асырылғаннан соң 600 ден аслам жаңа жумыс орынларының пайда болыўы көзде тутылмақта.

Бунда Республикамыздың тәбийий ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланаыў ҳәм избе-из алып барып атырған реформалардың нәтийжесинде санаатта ҳәм қурылыста ислеп шығарылатуғын өнимлердиң өзине түсер баҳасын арзанлатыў ҳәм миймет өнимдарлығын жоқарылатыў тийкарғы ўазыйпа етип қойылған. Бул өз гезегинде, ишки базарларды арзан баҳадағы санаат ҳәм қурылыс өнимлери менен тәмийинлейди.

Усы белгиленген мақсетлер нәтийжесинде Нөкис қаласы бойынша қабыл етилген бас режеге муўапық халқымызға қолайлы шараятлар жаратыў ушын және 20 көп қабатлы турақ жай, дем алыў орынларын, жасалма көллер ҳәм суў бассейнлерин қурыў бойынша ўазыйпалар белгилеп алынды.

Республика районларында 26 еки қабатлы, 16 квартиралы турақ жай, 546 бир ҳәм еки қабатлы үлги жойбардағы турақ жайларды қурыў, сондай-ақ, басқа да халқымыздың турмыс дәрежесин көтериўге қаратылған илажлары белгилеп алынды. Сондай-ақ, Әмиўдәрья районындағы Қыпшақ халқына көпирдиң орнына жаңа темир бетон көпирин қурыў режелестирилмекте.

Бул алып барылып атырған реформалар тийкарында 2016-жыл 21 октябрьдеги «2017-2021 - жылларда аўыллық жерлерде жаңаланған үлги жойбарлар бойынша арзан турақ жайлар қурыў бағдарламасы ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарары қабыл етилди. Қарарда бул тараўды үйрениў халықтың реал зәрүрликлери ҳәм сатып алыў қәбилетин, сондай-ақ, миллий минталитети ҳәм аўыллық жерлерде жасаў шараятларының өзгешеликлерин толық есапқа алып, қурылыс нәтийжелилигин арттырыўға бағдарланған принципиаллық жақтан жаңа көзқарасларды ислеп шығарыў зәрүрлигин көрсетти деп баянлаған [3].

2016-жылы «Қоңырат ун заводы» нда суткасына 130 тонна ун өнимлерин ислеп шығарыўды модернизациялаў ислери алып барылмақта. Бунда азық-аўқат санааты кәрханасын жаңа заманагөй техника ҳәм технологиялар менен тәмийинлеў ушын 1,4 миллион АҚШ доллары конвертация етилди. Фармацевтика санаатында болса, келеси жылы улыўма баҳасы 25,92 миллион АҚШ долларына тең 13 жойбарды әмелге асырыў нәзерде тутылмақта.

2017-2021-жылларда Қарақалпақстанды социаллық-экономикалық раўажландырыў бойынша ислеп шығылған арнаўлы бағдарлама тийкарында республикамызда жақын бес жылда санаатта 2,433 триллион сумлық 570 жойбарды әмелге асырыў нәзерде тутылмақта.

Усылар қатарында жергиликлестириў бағдарламасы тийкарында 2016-жылдың тоғыз айлығында 5 кәрханада 4,715 миллиард сум-лық өним ислеп шығарылды. Соның менен бирге, респуб-ликамыздың химия санааты кәрханаларыда өндирилип атырған полипропилен ҳәм полиэтилен өнимлерин қайта ислеў ушын 37 жойбарды әмелге асырыў режелестирилмекте. Сондай-ақ, буларға қосымша санаат кәрханаларының потенциалын арттырыў мақсетинде алып барылып атырған модернизация жумыслары жуўмақланды ҳәм бәсекиге шыдамлы өнимлер ислеп шығарыў көлемин арттырыў нәзерде тутылмақта.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. «Жер жүзлик финанслық-экономикалық дағдарысы, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары». –Ташкент: «Ўзбекистан». 2009. 10-18-б.
2. / «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2016, 8- октябрь №122.
3. / «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2016, 27-октябрь №130.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада республикамизда кичик бизнес ва хусусий тадбиркорликни ривожлантириш масалалари кўриб чиқилган. Мақолада мамлакатимизда ички ва чет эл инвестицияларининг аҳамияти таҳлил қилинган. Унда мамлакатимизда саноат корхоналарининг потенциалини ориттириш ишлари таҳлил қилинган. Мақолада корхоналарда рақобатдош маҳсулотларни ишлаб чиқаришни ривожлантириш кўриб чиқилган. Ушбу мақолада муаллиф Қорақалпоғистоннинг ижтимоий-иқтисодий ривожлантирилиши дастурини ўрганишни мақсад қилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются стадии развития малого бизнеса и частного предпринимательства. В статье анализируется важность внутренних и иностранных инвестиций в стране, а также анализируется потенциал промышленных предприятий в стране. На обсуждение выносятся вопросы развития конкурентоспособных товаров в производственных предприятиях и изучение программы социально-экономического развития Каракалпакстана.

**SUMMARY**

The article deals with the stages of development of small business and private entrepreneurship. The author of the article analyzes the importance of domestic and foreign investments in the country and the potential of industrial enterprises in the country. The development of competitor capable goods to industrial enterprises and the study of the socio-economic development of Karakalpakstan were also presented in the article.